



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 8 oktòb 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TEKNOLOJI YO DEVLOPE NAN NANOSCALE SCIENCE AND ENGINEERING
ATIRE NOUVO ENVESTISMAN**

Yo Pral Devlope Zouti Dyagnostik pou Deteksyon Kansè, Lòt Maladi nan Hocus Locus, LLC

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Hocus Locus, LLC pral devlope teknoloji RNA te envante nan CNSE avèk yon dènye investisman Eastern New York Angels. Depi teknoloji a devlope, li pral bay chèchè medikal yo ak pwofesyonèl swen sante yo yon nouvo zouti dyagnostik pou ede nan deteksyon kansè ak lòt maladi. Kreyatè li yo di teknoloji a kapab fasilite devlopman nouvo tretman pou maladi sa yo.

Gouvènè Cuomo di konsa, deteksyon yon maladi bonè, sitou lè li konsène kansè, kapab vle di diferans ant lavi oswa lanmò. Nan New York, nou kreye teknoloji pou make diferans sa a, epi kounye a, plis pase anvan, li enpòtan pou nou montre enpòtans tchèkòp regilye ak tretman bonè. Eta a ap vin yon sant pou teknoloji dènye modèl, epi konpayi, tankou Eastern New York Angels, rekonèt tout posiblite nou epi l ap investi nan biznis lokal nou yo. Epoutan li se yon lòt testaman nan pouvwa ak ladrès chèchè klas mondyal New York, k ap travay san pran souf pou kreye yon pi bon eta.”

Chanselye SUNY, Nancy L. Zimpher, di konsa, “Chèchè SUNY ki toupatou nan New York kontinye ap imajine epi kreye nouvo inovasyon chak jou pou ede moun vin pi an sante epi pou batay kont maladi grav yo. Nou fyè anpil pou travay yo epi nou angaje pou asire nouvo rechèch ki fèt nan SUNY jwenn sipò li bezwen pou pwogrese, nan kòmansman li nan kanpis la pou lavant li nan espas mache a jodi a.”

Dr. Tim Killeen, prezidan Research Foundation ak vis-chanselye SUNY pou rechèch, di konsa, “Sa a se ekosistèm inovasyon New York nan travay. Nou gen rekonesans pou angajman Eastern New York Angels pran pou sipòte rechèch sa a epi pou fasilite lavant premye teknoloji sa a.”

Dr Alain E. Kaloyeros, Vis-Prezidan Direktè ak Direktè Jeneral CNSE, di konsa, “Investisman sa a nan nouvo teknoloji nano-byosyans se temwayaj pou inovasyon Gouvènè Andrew Cuomo ak pwojè edikasyon, ak pwogram ‘Power of SUNY’ Chanselye Nancyan SUNY. Li souliye rekonesans New York kòm yon sant pou teknoloji dènye modèl, ki endike nan bon jan kolaborasyon ant akademi yo ak endistri a nan NanoCollege.”

Haitian Creole

Michael Liehr, Michael Liehr, Vis-Prezidan Egzekitif CNSE pou Inovasyon ak Teknoloji ak Vis-Prezidan pou Rechèch, di konsa, “Rechèch nano-teknoloji klas mondyal yo te fè nan CNSE kontinye ap kreye nouvo opòtinite nan rezoud pwoblèm ki pi kritik sosyete a, tankou deteksyon, tretman ak prevansyon maladi. Menm jan tou, li bay opòtinite pou edikasyon inik pou etidyan nou yo, epi pou ankouraje nouvo opòtinite pou investisman prive ak kwasans djòb teknik avanse nan Eta New York.”

Teknoloji y ap devlope, sxRNA, rapòte si yon molekil RNA patikilye prezan andedan yon selil, ki aji tankou yon santinèl pou si selil la pwodui yon pwoteyin patikilye. Li se pwodui rechèch pwofesè asosye nano-byosyans, Scott Tenenbaum, nan CNSE, ak Ted Eveleth, Direktè Jeneral Hocus Locus, yon konpayi demaraj byoteknik ki deyò University at Albany.

Tenenbaum di konsa, “Li se yon teknoloji platfòm ki gen plizyè kalite aplikasyon. Lè nou te adapte lide nou, investisè ki rive nan bon moman te kontan anpil. Yo te sanble gen yon sansasyon pou li. Yo te kapab wè posiblite pou gen yon enpak pozitif sou anpil pwoblèm sante.”

Eveleth di kontinye pou di, “Nou gen rekonesans pou nouvo finansman sa a, k ap fasilite kontinwite pou Hocus Locus pou devlope teknoloji nan pwodui ki ka vann sou mache a.

Prè konsèp pou teknoloji sa a finanse dabò avèk sibvansyon SUNY [Technology Accelerator Fund \(TAF\)](#) ak plizyè sibvansyon nan ajans nasyonal yo. Avèk premye devlopman ki montre rezilta pozitif, Hocus Locus te kapab atire investisman nan Eastern New York Angels, ki bay finansman enpòtan pou konpayi ki nan premye etap yo nan lès New York.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418